



Pap Jan Pòl II nan Gran Sinagòg Wòm nan ansanm ak Rabay Elyo Toaf – 1986

YO, ANN IZRAYÈL. NOU PECHE KONT YO PASKE NOU TE PÈSEKITE YO PANDAN TOUT ANE SA YO. GWO PAWÒL SA YO ANTRE NAN ISTWA KI SOTI NAN GRAN LESPRI KAWÒL WOJTYLA, PAP YO TE RENMEN ANPIL LA PAP JAN PÒL II.

ANPIL FWA LI TE FÈ KONNEN KOUMAN LI PA DAKÒ AK MOUN KI PA VLE WÈ JWIF. LÈ LI TE RANKONTRE AK BICHÒP KI NAN AMERIK LATIN NAN, LI TE MANDE YO POU YO KONBAT LIDE ANTISEMITIS. "LIDE ANTISEMITIS SE PECHE EPI LIDE SA YO KONT PRENSIP KRETYEN."

GRAS A LI MENM DE GRAN FAMMI ESPIRITYÈL RIVE REKONSILYE. JWIF AK KRETYEN KAPAB MACHE ANSANM AK TÈT ANLÈ SOU BON CHEMEN KI MENNEN NOU DEVAN BONDYE, PAPA NOU TOUT. LE 6

JEN 2005, LÈ PAP BENEDICT XVI TAP PALE DEVAN KOMITE ENTÈNASYONAL POU KONVÈSASYON ANT RELIYON YO "INTERNATIONAL JEWISH COMMITTEE FOR INTERRELIGIOUS CONSULTATIONS" PAP LA KONFIME L AP SUIV CHEMEN PAP KI TE VIN ANVAN I LAN: MEN SA LI TE DI."

PAP JAN PAUL II, NANM LI VA REPOZE NAN LAGLWA!

POU MOUN KI ENTERÈSE NAN ISTWA JAN PÒL II AK JWIF YO NOU REKÒMANDE 2 LIV KI FKRI ANN ANGLE:


*THE HIDDEN POPE, DARCY O'BRIEN
A LETTER TO A JEWISH FRIEND, GIAN FRANCO SVIDERCOSHI*

*NCCJ NAN MIAMI AP REMÈSYE MOUN SA YO AK KONPAYI SA A ANPIL
POU KONKOU YO BAY POU FÈ ENPRIME BWOCHE SA YO:*

**THE HAVENICK FAMILY
FLAGLER DOG TRACK
MR. RON BOOK**

SI W BEZWEN PLIS KOPI KONTAKTE NOU NAN IMEL SA A: SEPIMIAMI@AOL.COM

PAP JAN PÒL II AK JWIF YO ANN IZRAYÈL



Pap Jan Pòl II ap priye sou mi Wèlin – nan Jerizalèm, Izrayèl – 2000
Pap Jan Pòl II ap salye Rabay Elyo Toaf nan antre Sinagòg Wòm nan – 1986



PAP JAN PÒL II

AK JWIF YO ANN IZRAYÈL

EVANJIL SELON SEN MATYE A KÒMANSE AK PAWÒL SA YO "Liv sou JENERASYON JEZIKRI A, PITIT DAVID, PITIT PITIT ABRAHAM." PI DEVAN NAN MENM PASAJ LA, EVANJELIS LA FÈ NOU KONNEN JEZI SE TE YON DESANDAN WA DAVID, PI GRAN WA JWIF YO. ENFÒMASYON SA A KAB ETONAN, ANPIL, KRETYEN TOUPATOU NAN LEMONN GEN DWA PA OKOURAN JAN GEN LYEN KI PWÒCH ANT FANMI JEZIKRI A AK PÈP BONDYE TE CHWAZI POU RESEVWA REVELASYON LI YO ATRAVÈ BIB LA.

NON EBRE JEZIKRI SE "YOSHUA," NON EBRE MARI SE TE "MIRIAM" EPI NON EBRE JOZËF SE TE, "YOSEF." NON EBRE BETLEYÈM SE TE "BET LEJEM" KI VLE DI (KAY KOTE YO FÈ PEN), SE LA JEZI TE FÈT. NAZARÈT, KOTE JEZI TE ABITE PANDAN PRÈSKE TOUT VI LI, SE YON KOTE KI AN GALILE, SE YON ZÒN NAN PEYI JWIF YO NAN PEYI KI RELE IZRAYÈL JODI A.

SI NOU PRAN TOUT ENFÒMASYON SA YO AN KONSIDERASYON, FÒ N TA POZE TÈT NOU KESYON SA YO: Pou ki sa nan ISTWA JWIF AK KRETYEN TE TOUJOU GEN TOUT CHIRE PIT SA YO? Pou ki sa tout KRETYEN SA YO KITE TOUT YON SERI MOVE LIDE POTE TÈT YO ALÉ POU YO PÈSEKITE EPI MASAKRE PÈP KI POTE PAWÒL LABIB LA POU YO AK SOVÈ PA YO, EPI MALGRE LWA LEGLIZ LA BAY JWIF YO PWOTEKSyon?

NAN MENM ANE KRISTÒF KOLON TE DEKOUVRI AMERIK LA, AN 1492, WA AK RÈN PEYI ESPAY TE MET PLIZYÈ MIL JWIF DEYÒ NAN PEYI A. JWIF SA YO TAP MENNEN YON VI AN PÈ ANN ESPAY DEPI PLIS PASE 2000 ANE ANVAN ESPAY TE VIN ADOPTE LAFWA KRETYÈN NAN. SE PA DE JWIF, GASON, FI AK TIMOUN PITI - YO TE MALTRÈTE OUBYEN KI TE PÈDI LAVI YO ANBA ENKIZISYON ESPAYOL LA. PAP JAN PÒL II DI "ANSYEN LESON MEKONTANTMAN DIRIJAN KRETYEN YO TE KONN AP MONTRE KONT JWIF YO AK RELIYON JWIF LA, TE NANM LESPRI

KRETYEN YO KI FÈ ANPIL NAN YO PAT FÈ SA YO TE DWE FÈ LÈ NATSI YO TAP RANMASE VWAZEN JWIF KRETYEN YO TE GENYEN YO POU MENNEN YO NAN KAN KONSANTRASYON PANDAN DEZYÈM GÈ MONDYAL LA.

KAROL WOJTYLA, TE VIV MOVE TAN DEZYÈM GÈ MONDYAL LA PASKE LI TE FÈT WADOWICE YON VIL AN POLANN EPI SE LA LI TE GRANDI TOU. YO TE VIN CHWAZI LI KÒM PAP JAN PÒL II PI DEVAN. POLANN...SE TE VIL KI TE GEN PI GWO POPILASYON JWIF NAN LEMONN ANVAN DEZYÈM GÈ MONDYAL LA TE KÒMANSE. TI JENNINAN SA A KI TA PRAL VIN PAP PITA NAN LAVI LI, LI TE GEN YON VWAZEN, YON TI GASON JWIF KI TE BON ZANMI LI KI TE KONN JWE FOUTBÒL AVÈ LI NAN LARI SOU KATYE KOTE YO TE RETE A.

TI JENNINAN SA A KI TA PRAL VIN PAP LA, LI TE TEMWEN ANPIL MOVE ZAK KI TE FÈT PANDAN LAGÈ A, ZAK PÈSEKISYON, ZAK MASAK. MOVE ZAK LI TE WÈ YO TE SAKAJE LESPRI KRETYEN LI ANPIL. LI TE PAMI BICHÒP SOU LATÈ A KI TE VOTE AN FAVÈ DEKLARASYON ISTORIK SOU JWIF YO NAN DEZYÈM KONSEY VATIKAN AN, ***NOSTRA AETATE***. LÈ PAP JAN PÒL II MOURI SE TE YON GWO PÈT NON SÈLMAN POU TOUT KRETYEN MEN POU LIMANITE. PAP JAN PÒL SE TE YON MOUN ESTWÒDINÈ: LI TE AKTÈ, LI TE EKRIVEN, LI TE ATLÈT, LI TE FILOZÒF, LI TE POLITISYEN, LI TE YON GID ESPIRITYÈL ESTWÒDINÈ EPI LI TE GEN ANPIL LÒT KAPASITE. Tout MOUN KI TE GEN CHANS RANKONTRE AK PAP JAN PÒL II, KÈLKESWA RELIYON MOUN NAN LI SANTI LI AN PREZANS YON SÈVITÈ BONDYE.

YOUN NAN TIT YO BAY PAP YO SE "PONTIF SIPRÈM" SA VLE DI "YON MOUN KI KONN KREYE ALYANS." PAP JAN PÒL II KREYE BON JAN ALYANS ANT KRETYEN YO AK ZANSÈT ESPIRITYÈL YO, PÈP JWIF LA. PAP JAN PÒL SE TE PREMYE PAP APRE SEN PYÈ YON JWIF - KI VIZITE YON SINAGÒG POU


IASISTE YON SÈVIS RELIYJE. PANDAN VIZIT SA A PAP JAN PÒL II TE TRETE RABAY KI LIDÈ A WÒM NAN NAN MENM NIVO AVÈ LI EPI AK RESPÈ. PAP JAN PÒL II TE ETABLIS RELASYON DIPLOMATIK ANT VATIKAN AN AK ETA IZRAYÈL LA. LI TE AL AN VIZIT NAN PEYI IZRAYÈL KOTE L TE FÈ YON PELERINAJ. PANDAN VIZIT ESTWÒDINÈ SA A PAP LA T AL VIZITE MONIMAN "YAD VASHEM" NAN, SE MONIMAN YO BATI AN MEMWA SIS MILYON JWIF KI PÈDI LAVI YO PANDAN DEZYÈM GÈ MONDYAL LA. LI T AL PRIYE TOU SOU MI "WALING WALL" LA, SOU TONM SALOMON AN, SE YON KOTE KI SAKRE NI POU JWIF NI POU KRETYEN. PAP LA TE MANDE PADON POU TOUT KRM KÈK MOVE KRETYEN TE KOMÈT KONT PÈP LI TE RELE "GRAN FRÈ NOU YO NAN LAFWA."

LI TE FÈ YON KONSE TOU NAN VATIKAN AN POU SIS MILYON JWIF KI TE MOURI PANDAN OLOKÒS LA. LI TE AL VIZITE YON KAN KONSANTRASYON NAN AUSCHWITZ NAN PEYI POLAND.

PAP JAN PÒL TE DI PAWÒL SA YO, NAN PRIYÈ LI:

"Bondye papa nou. Ou te chwazi Abraram ak desandan li yo pou pote non Bondye a bay tout nasyon yo. Nan istwa lavi nou, sa fè nou mal anpil pou jan kèk nan yo te aji, pou yo te lakòz pitit ou yo soufri, epi m ap mande w pou w padone nou pou sa. Nou vle pran angajman pou nou toujou viv an bon jan frè ak Pèp Alyans lan Pèp JWif la."

EFÈ PAWÒL SA YO FÈ, POU ANTANT YO KREYE ANT KRETYEN AK JWIF, SE YON PAKÈT AFÈ. MESAJ SA A SE POU TOUT KRETYEN: FRÈ AK SÈ YO SE YON WONT POU JAN ANPIL NAN NOU TE AJI. NOUVO ALYANS AK BONDYE A PA KA IYORE ALYANS DIVEN AK PÈP JWIF LA. "GRAN FRÈ AK SÈ NOU YO" TOUJOU KONTINYE GEN YON ANTANT AK YON ALYANS SAKRE AK BONDYE. JWIFI YOTOUNEN NANTÈ ZANSÈT



Yon konsè nan Vatikan pou sonje lanmò sis milyon JWif, Natsi yo te touye pandan Olokòs la -1994